**दिन–गुरूवार** **दिनांक–28.03.2024**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

प्रदेशक चारि संसदीय सीट गया, औरंगाबाद, नवादा आ जमुई लेल नामांकन पत्र भरबाक काज आइ समाप्त भऽ गेल। एहि क्षेत्र सभ मे उन्नैस अप्रील के लोकसभा चुनावक पहिल चरणक मतदान होयत। निर्वाचन आयोग होली आ बिहार स्थापना दिवसक अवकाश हेबाक कारणे नामांकन पत्र भरबाक अंतिम तिथि बढ़ा कऽ आइ धरि कयने छल। उम्मीदवार दू अप्रील धरि नाम वापस लऽ सकताह।

---

पहिल चरणक चुनावक वास्ते नामांकनक अंतिम दिन आइ नामांकन प्रक्रिया मे तेजी आबि गेल। आइ धरि गया सँ सत्ताईस, जमुई सँ इक्कैस, औरंगाबाद सँ पच्चीस आ नवादा सँ सत्ताईस प्रत्याशी नामांकन पत्र दाखिल कयने अछि। गया सँ हम उम्मीदवार जीतनराम मांझी अपन नामांकन पत्र भरलनि। एहि क्रम मे हुनका संग प्रदेश भाजपा अध्यक्ष सम्राट चौधरी समेत भाजपाक आनो वरिष्ठ नेता उपस्थित छलाह। ओहि ठाम राजद प्रत्याशी कुमार सर्वजीत सेहो अपन नामांकन दाखिल कयलनि। जमुई संसदीय क्षेत्र सँ राजद प्रत्याशी अर्चना रविदास आ लोजपा रामविलासक प्रत्याशी अरूण भारती समेत छओ उम्मीदवार आइ अपन नामांकन पत्र भरलनि। नवादा संसदीय क्षेत्र सँ भाजपा प्रत्याशी विवेक ठाकुर नामांकन दाखिल कयलनि। इएह सीट सँ निर्दलीय प्रत्याशी गुंजन सिंह सेहो नामांकन दाखिल कयलनि। औरंगाबाद सीट सँ राजद प्रत्याशी अभय कुशवाहा नामांकन पत्र भरलनि। औरंगाबाद सँ भाजपाक सुशील कुमार सिंह जखनकि नवादा सँ राजदक श्रवण कुमार कुशवाहा पहिनहि नामांकन दाखिल कऽ चुकल छथि।

---

लोकसभा चुनावक दोसर चरणक मतदानक वास्ते आइ अधिसूचना जारी कऽ देल गेल। अधिसूचना जारी हेबाक संगहि प्रदेशक पाँच सीट किशनगंज, कटिहार, पूर्णिया, भागलपुर आ बांका समेत बारह राज्य आ केन्द्रशासित प्रदेशक नबासी लोकसभा सीट लेल नामांकनक काज शुरू भऽ गेल। नामांकनक पहिल दिन आइ पूर्णिया सँ जदयू प्रत्याशी संतोष कुशवाहा अपन नामांकन पत्र दाखिल कयलनि। दोसर चरणक चुनावक लेल नामांकन पत्र

दाखिल करबाक अंतिम तिथि चारि अप्रील अछि। पाँच अप्रील के नामांकन पत्रक जाँच कयल जायत आ आठ अप्रील धरि नामांकन पत्र वापस लेल जा सकत। एहि क्षेत्र मे छब्बीस अप्रील के मतदान होयत।

———————————————————————

प्रदेशक चालीस लोकसभा सीट के लऽकऽ इंडी गठबंधनक प्रमुख दल राजद आ कांग्रेसक मध्य सीट बंटवाराक फॉर्मूला तय भऽ गेल। प्राप्त जनतबक अनुसार राजद छब्बीस सीट पर, कांग्रेस नओ सीट पर जखनकि सीपीआई माले समेत आन वाम दल पाँच सीट पर चुनाव लड़त। इंडी गठबंधनक दिस सँ काल्हि दुपहर बाद पटना स्थित राजद कार्यालय मे एक प्रेस कॉन्फ्रेंस बजाओल गेल अछि, जाहि मे सीट बंटवाराक औपचारिक घोषणा कयल जायत।

———————————————————————

लोकसभाक सभ सात चरणक चुनाव लेल मतदानक दिन राज्य मे सार्वजनिक अवकाश रहत। ई अवकाश सवैतनिक होयत। प्रदेशक मुख्य निर्वाचन पदाधिकारीक प्रस्ताव पर सामान्य प्रशासन विभाग ई घोषणा कयलक अछि। दोसर दिस चुनाव आयोग राजनीतिक दलक स्टार प्रचारक के एक लाख टाका धरि नगद राशि लऽकऽ चलबाक निर्देश देलक अछि। हालांकि एहि लेल प्रचारक के अपन दलक कोषाध्यक्ष सँ प्रमाण पत्र लेबाक होयत।

———————————————————————

जहानाबादक पूर्व सांसद डॉक्टर अरूण कुमार लोक जनशक्ति पार्टी रामविलास के छोड़ि देलनि। प्राप्त जनतबक अनुसार पार्टी सँ टिकट नहिं भेटबाक कारणे ओ त्यागपत्र देलनि। दरभंगा डीएमसीएच परिसर मे आइ दिव्यांग मतदाताक शत प्रतिशत मतदान लेल जागरूकता कार्यक्रमक आयोजन भेल।

———————————————————————

बिहार विद्यालय परीक्षा समिति आगामी तीस आ एकतीस मार्च के होबयवला कम्प्यूटर आधारित डीएलएड प्रवेश परीक्षा स्थगित कऽ देलक अछि। नव तारीखक घोषणा बाद मे कयल जायत। समिति स्पष्ट कयलक अछि जे एक आ अट्ठाईस अप्रील के होबऽवला डीएलएड परीक्षा अपन पूर्व निर्धारित कार्यक्रम सँ होयत।

———————————————————————

राष्ट्रीय परीक्षा एजेंसी एनटीए संयुक्त प्रवेश परीक्षा जेईई मेन्सक दोसर सत्रक परीक्षार्थीक परीक्षा केन्द्र आ शहर आवंटनक अग्रिम सूचना जारी कऽ देलक अछि। जेईई मेन्सक दोसर सत्र चारि सँ बारह अप्रील धरि तीन सय उन्नैस शहर मे आयोजित कयल जायत। परीक्षार्थी एनटीएक वेबसाइट पर अपन आवेदन संख्या आ जन्म तिथि दऽ कऽ परीक्षा केन्द्र सँ संबंधित शहरक जनतब लऽ सकैत छथि।

———————————————————————————

समस्तीपुर जिलाक रोसड़ा थाना क्षेत्र अंतर्गत बलउआ मे एक पेट्रोल पंप कर्मी सँ किछु अपराधी करीब चारि लाख टाका लूटि लेलक पुलिस मामिलाक छानबीन कऽ रहल अछि।

सुपौल जिलाक अंदौली पंचायतक रहनिहार आ किशनपुर उच्च माध्यमिक विद्यालयक छात्र दुर्गेश कुमारक चयन इसरोक युविका कार्यक्रम लेल कयल गेल अछि। एकर अंतर्गत हुनका बारह सँ चौबीस मई धरि बेंगलुरूक युआर राव सेटेलाईट सेन्टर मे प्रशिक्षण देल जायत।

———————————————————————————

एहि संग आकाशवाणी, दरभंगा आ विविध भारती पटना सँ प्रसारित संवादक ई अंक समाप्त भेल।